



Pou Piblikasyon Imedya: 1/12/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

"Depi moman yo te otorize twa lisans kazino nan zòn sid eta a nan Bidjè Eta 2022 a, mwen te klè sou yon bagay: nenpòt pwojè ki apwouve dwe pote avantaj reyèl pou kominote li epi dwe gen plan ekonomik ki dirab. Mwen rekonesan anvè Prezidan Been ak Konsèy Lokalizasyon Etablisman Jwèt (Gaming Facility Location Board) la pou revizyon serye yo te fè sou aplikasyon yo dapre gwo nòm sa yo.

Twa pwojè yo apwouve jodi a pwomèt pou debloke plizyè milya dola finansman pou MTA epi kreye plizyè dizèn milye travay. Li enpòtan pou yo kenbe pwomès sa yo. Mwen ap tann ak enpasyans revizyon Komisyon Jwèt la sou rekòmandasyon Konsèy la nan semèn k ap vini yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)